

**Kominike pou laprè  
Pou difizyon imedyat**


## **Prèske yon milye moun te nan Seremoni pou poze premye wòch pou pwojè PIGraN an – Site lakonesans, Ayiti**

**Jenipaye, Milo- jou 14 janvye 2016** – Prèske mil moun, majorite ladan yo se jenn moun, te reyini nan espas istorik Jenipaye a (nan *Carrefour des Pères*), pou yo te patisipe, jou mèkredi 13 janvye 2016 la, nan seremoni pou poze premye wòch pou Site lakonesans lan. Rasanbleman sa a te fèt yon jou apre dat, sisyèm anivèsè tranbleman tè terib ki te frape peyi a, jou 12 janvye 2010 la. Pol Inovasyon pou Gran Nò a (PIGraN) – Site lakonesans - se yonn nan pi gwo pwojè kolektif, san parèy, Ayisyen poko janm fè an Ayiti. Se Ayisyen ki ap viv lòt bò dlo yo, ki mete ansanm ak sila yo ki ap viv anndan peyi a ki mete li sou pye pou kreye byennèt nan peyi a epi pou yo goumen kont lapovrete. PIGraN se yon pwojè GRAHN-Monn kreye sou menm elan Enstiti syans teknoloji ak etid avanse Ayiti a (ISTEAH an franse), ki te louvri pòt li nan dat 13 janvye 2013.



Alaveirite, misyon PIGraN se diminye povrete nan peyi a apati pwomosyon aktivite ki kab fè moun fè lajan, apati pwomosyon entèrakson pozitif epi nan tèt ansanm ant, sou yon bò, rezo antrepriz endependan (piti, mwayen epi gwo) epi sou yon lòt bò, etablisman ansèyman siperyè ak rechèch. Nan pwojè PIGraN an genyen plan pou kreye yon senkantèn ti epi mwayen antrepriz soti nan domèn lagrikilti pou rive nan gwo antrepriz teknologik, san blye sèvis ki pral bay lòt avantaj. Avèk yon teren ki genyen 28 ekta (21.7 kawo tè) Leta ayisyen bay PIGraN nan Jenipaye, seksyon kominal Milo, tou pre Okap, Site lakonesans lan ap genyen kat sektè : Invèsite a (ISTEAH), sektè Sèvis, sektè eskolè ( Lekòl pou timoun nan bazaj, Lekòl fondamantal, Lekòl segondè, Lekòl pwofesyonèl epi teknik), ap genyen tou yon sektè pou Lagrikilti. Sou yon peryòd tan ki pa depase dizan, ap genyen yon ventèn biling ansanm ak zèv atizay. Genyen yon kanpay pou ranmase lajan ki ap fèt kounye la a nan plizyè peyi (Ayiti, Kanada, Etazini, Lafrans). Kanpay sa yo ap fèt daprè yon prensip kote se tout moun ki ap mete men pou finanse konstriksyon biling ak zèv atizay sa yo.

Prezantasyon makèt Site lakonesans lan an 3D



Poze premye wòch lan



Seremoni pou poze premye wòch pou demare pwojè a, se te yon okazyon pou Ayisyen yo demonstre vrè volonte yo pou yo rebati peyi yo avèk letan, epi sou bon jan baz solid, avèk kolaborasyon zanmi Ayiti tout bon yo. Moun yo te soti nan 6 peyi etranje (Brezil, Kanada, Etazini, Lafrans, Matinik, Repiblik Dominikani). Pami yo te genyen ki soti nan 7 depatman jeyografik peyi a (Latibonit, Sant, Nò, Nòdès, Nòdwès, Lwès epi Sid). Te genyen moun ki soti nan 23 komin nan peyi Ayiti. Te genyen anpil diyitè ki te la. Pami yo, nou kab nonmen : Madan Marie-Claude Bayard ki te ranplase manman li, Madan Odette Roy Fombrun, prezidan donè evenman sa; Minis Ayisyen ki ap viv aletranje yo, M. Robert Labrousse; Anbasadè Kanada a an Ayiti, S.E. Madan Paula Caldwell St-Onge; Gouvènè Bank Republik Ayiti a, M. Jean Baden Dubois; ansyen premye minis epi ansyen Rektè Université Quisqueya, M. Jacques Édouard Alexis; Direktè depatman Nò a pou Ministè sante piblik ak popilasyon (MSPP), Dr. Ernst Robert Jasmin. Pami reprezantan sektè inivèsitè a, te genyen : Rekté Jean-Robert Charles, ki soti nan Université Autonome de Port-au-Prince (UNAP); Rektè Pierre Énocque François, ki soti nan *Université Publique du Sud Okay*; Rektè Fénold Métellus, ki soti nan *Université Publique du Nord Okap*; Kowòdonatè Inivèsite piblik ki nan vil pwovens yo, M. Narcisse Fièvre; Prezidan konsèy jesyon nan Kanpis Henry Christophe (UEH) nan Limonad, M. Audalbert Bien-Aimé; Konseye rektora UEH la, M. Jean-Marie Raymond Noël; Direktè Inite Dyosezen pou ansèyman, pou Rechèch epi pou Sèvis (*UDERS, Cap-Haïtien*) pou UNDH, Mgr François Moïse; Direktè ekzekitif pou Inisyativ sosyete sivil la (ISC), M. Rosny Desroches; te genyen tou reprezantan divès reliyon nan peyi a. Plizyè delegasyon elèv epi chapit nan GRAHN-Monn, kote ki te genyen GRAHN-Ayiti, te fè deplasman an pou vin patisipe nan evennman sa a ki genyen anpil avni pou peyi a, espesyalman nan yon moman nan istwa peyi nou an kote lespwa an feblès, prensipalman, pou lajenès.



GRAHN-Monn remèsyé tout moun ak enstitisyon ki te patisipe, nan yon fason osnon yon lòt nan kokennchenn aksyon sa a, kote nou te rive reyini tout moun sa yo sou yon teren agrikòl, ki pa te vrèman gen wout. Yon remèsiman espesyal pou Majistra Milo a, M. Fritz Prophète, ki te toujou la pou rezoud divès kalite pwoblèm ; menm remèsiman sa a al jwenn CASEC Jenipaye a, M. Rodney Chéry, ki te aji tankou yon vrè lidè pou fè pwojè a avanse ; mèsi tou pou Ministè travo piblik, transpò ak komunikasyon (*MTPPC*) dèske yo te prepare teren an ansanm ak wout ki fèt sou teren an ; mèsi pou *MINUSTAH* ki te pote epi entale tant yo pou nou ansanm ak chèz yo epi sistèm son an ; mèsi pou direksyon Transport Scolaire Dignité ansanm ak Transpò Kanpis Henry Christophe nan Limonad, ki te prete nou otobis yo pou nou mennen moun nan aktivite a ; mèsi tou pou Sè nan *Collège Régina Assumpta* Okap yo ki te prete nou yon machin pou deplasman nou nan zòn Nò a ; mèsi pou jèn yo nan fanfa Lenbe a pou pèfòmans atistik yo tout moun te renmen ; mèsi pou Polis Nasional Ayiti a (*PNH*) ak Polis Touristik *la (Politour)* pou asistans yo nan domèn sekirite ki te diskrè, men ki te efikas ; mèsi pou *Maison Henri Deschamps* ak *Société Du Rhum Barbancourt* pou kontribisyon finansye yo ki te pémèt nou enstale afich piblisite sou wout ki mennen moun yo nan Site lakonesans lan. Mèsi pou tout moun ki te patisipe yo ansanm ak popilasyon Jenipaye a, ki te reponn prezan nan gwo Konbit sa a, ki louvri yon lòt epòk nan konstriksyon kolektif pou yon Ayiti tou nèf avèk Ayisyen ki nan tout nivo.

### Konsènan GRAHN

GRAHN se yon òganizasyon mondial ki genyen sitwayen ki rete vijilan toupatou sou latè. Yo plis konsantre yo sou yon apwòch, kote se tout moun ki mete yo ansanm pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN vle kreye yon mouvaman pou tout moun , kote ki pa pe genyen koze patizan epi ak entansyon pou batí yon Ayiti tou nèf, ki dwe chita sou lajistis, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonnan an epi yon lanmou pou byennèt tout moun.

-30-

Sous : GRAHN-Monde, <http://www.grahn-monde.org>

Kontak : [james.fethiere@grahn-monde.org](mailto:james.fethiere@grahn-monde.org) Vice-président, Communications et services aux membres